

Mande'm de Tan!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou tan. Nou te aprann sèvi ak konpetans yon syantifik pou fè obsèvasyon, poze kesyon, fè prediksyon, epi teste lide nou yo. Nou te fè eksperyans ak chanje tanperati nan lè ak presyon ki chanje. Mande'm pou'm pale'w de nyaj nou kreye nan klas lan.



Yo te ba'm yon jounal meteyo kote'm ka anrejistre tanperati, imidite, vitès ak direksyon van, presipitasyon, ak kalite nwaj. Lè'm obsève move tan sou tan, mwen ka idantifye modèl e menm aprann predi kijan tan demen an ka ye. Mwen gen zouti espesyal pou ede'm kolekte kèk nan enfòmasyon sa yo. Mande'm pou'm montre kijan pou m itilize tablo nwaj mwen an, kat anemomèt van an, ak papyè tès klori kobalt mwen an epi ede m ajoute yon lòt zouti previzyon an swiv enstriksyon ki anba yo.

Fè yon Baromèt ak ti Kontenè an Fè

Yon baromèt sèvi pou li kapab mezire chanjman nan atmosfè a. Yon chanjman nan presyon nan lè souvan endike yon chanjman nan kondisyon tan.

Kisa ke ou bezwen:

- kontenè kafe ki vid
- yon gwo balon plastik
- elastik
- chalimo
- pinèz
- kat endèks
- tep

Kisa pou fè:

1. Koupe bouch balon an epi detire balon an sou pwent ouvè kontenè kafe a.
2. Sekirize balon an e mete yon elastik sere sou li. Balon an dwe derire a san lè pa rantre ladan'l.
3. Pozisyon chalimo an la sou tèt balon an ak jis 1/3 de chalimo an pou li pandye nan kwen bwat la. Tepe chalimo an nan sant balon an.
4. Mete yon pinèz paralèl a e nan fen chalimo an kote l'ap pandye nan kwen kontenè a.
5. Tepe yon kat endèks nan sou kontenè deyè chalimo an.
6. Lè presyon nan atmosfè a chanje pwent chalimo an ap mote oubyen desann. Lè presyon baromèt la wo l'ap fè balon an desann nan sant e chalimo an monte. Lè presyon baromèt la ba l'ap fè balon an ap gonfle nan sant lan e chalimo an desann. Anrejistre mouvman chalimo lan sou kat endèks lan. Konpare mouvman sa a ak lekti presyon barometrik yo anrejistre pou zòn lokal ou a nan <http://www.weather.gov> epi sèvi ak konparezon sa yo pou kalibre fluctuations ou wè yo.

